

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Panalungtikan nu judulna *Ajén Kaagamaan dina Novel Prabu Anom Jayadéwata* karya Yoséph Iskandar pikeun Bahan Pangajaran maca Novel di SMA (Ulikan Struktural) ngahasilkeun sababaraha kacindekan, nyaéta novel *Prabu Anom Jayadéwata* diwangun ku unsur intrinsik (téma, fakta carita, sarana sastra) jeung ajén kaagamaan. Sakumna tokoh dina *novel Prabu Anom Jayadéwata* ngagambarkeun kahirupan di karajaan.

Ieu novel miboga téma pajoangan. Pamanahrasa bajoang pikeun ngaraketkeun deui Nagri Galuh jeung Nagri Sunda ku cara dijadikeun minantu ku Prabu Susuk Tunggal sarta dijadikeun Prabu Anom di Nagri Sunda. Sabab Nagri Galuh jeung Nagri Sunda téh bakal perang gara-gara paripolah Prabu Déwa Niskala nu geus ngarempak wangsit Hyang Rama Mahaprabu.

Galur nu dipaké ku pangarang nya éta galur maju, sedengkeun palakuna aya 21 urang. Palaku utama nya éta Pamanahrasa, jeung Paman Léngsér sarta 19 palaku tambahan nya éta Nyai Putri Subanglarang, Nyai Putri Ambetkasih, Nyai Putri Kentring Manik Mayang Sunda, Prabu Susuk Tunggal, Prabu Amuk Murugul, Prabu Déwa Niskala, Ambu Sawiah, Ajar Kutamangu, Banyak Catra, Banyak Ngampar, Jayaningrat, Ratu Simbarkencana, Radén Baribin, Ki Hulujurit, Syéh Ahmad, Prajurit Nagri Sunda, Ki Gedéng Sindangkasih, Ki Gedéng Tapa, jeung Ki Sajim. Latar dina ieu carita ngawengku 37 latar tempat jeung 17 latar waktu. Dina ieu novel, pangarang ngagunakeun puseur implengan jalma katilu, Yoséph Iskandar dina nyaritakeun eusi novelna ngagunakeun basa nu basajan, nu ilaharna sok dipaké dina kahirupan sapopoé sanajan aya sababaraha basa nu kurang dipikaharti.

Dina ieu novel ajén kaagamaanana bisa dipaké dikahirupan sapopoé ku lantaran dina sababaraha eusina ngeunaan ahlak ka ibu-bapa, ahlak ka diri sorangan, sarta aya ogé tauhid jeung ibadah. Conto ahlak ka ibu-bapa dina ieu novel nyaéta baktina hiji anak anu nurut kana kahayang kolotna sabab rék dijodokeun jeung lalaki pilihan kolotna sanajan can pernah paamprok. Ku kituna, jaman ayeuna mah jarang aya anak nu bisa nurut padahal teu salah bakti ka kolot téh malah mah bisa ngabagjakeun kolot.

Dumasar kana hasil panalungtikan, novel *Prabu Anom Jayadéwata* karya Yoséph Iskandar bisa ngeuyeuban bahan pangajaran maca novel di SMA/SMK/MA/MAK kelas XI ku sabab luyu jeung kritéria milih bahan ajar.

5.2 Implikasi

Hiji panalungtikan tangtuna miboga kaonjoyan jeung kahéngkéran. Sanajan ieu panalungtikan aya kahéngkéran tina sababaraha aspék, di antarana waktu nu heureut, tapi tetep dipiharep aya kaonjoyanana dina ieu panalungtikan bisa mawa kahadéan, utamana pikeun nambahan pangaweruh jeung kamekaran élmu kasusastraan. Dumasar hasil ieu panalungtikan diharep bisa ngeuyeuban ajén kaagamaan, hususna dina karya sastra Sunda, sarta bisa jadi altérnatif bahan pangajaran.

5.3 Saran

Sawatara saran atawa rékomendasi ditujukeun pikeun sababaraha [pihak nu aya patalina jeung ieu panalungtikan nya éta 1) pikeun panalungtik satuluyna, 2) guru, jeung 3) murid. Kahiji, panalungtikan sarupa anu maluruh ajén kaagamaan perlu terus dilaksanakeun, boh ku masarakat akademisi boh masarakat umum. Anu jadi tinimbangan mah sangkan kapanggih ajén kaagamaan dina karya-karya séjénna. Lian ti éta, sangkan ngeuyeuban hasil-hasil panalungtikan ngeunaan karya sastra. Kadua, guru dipiharep bisa ngeuyeuban bahan pangajaran nu ngandung ajén kaagamaan. Katilu, murid dipiharep bisa maham kana téks sastra nu ngandung ajén kaagamaan. Lian ti éta, dipiharep siswa bisa nyangkem amanat tina téks sastra.